Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 11 (6897) 18 март 2024 с. Итни Рамазан 1445 с. Багъа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо кIодо гьабуна

### СВОялъул рагъухъабазул улбухъе щвана

**Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8-леб Марталъул хIурматалда Бакълъул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ рохалилаб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас ва районалъул**



**хIаракатчагIаз. Тадбир бачана «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь, руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу Зугьра ГIабдулкъадировалъ.**

Дагъистаналъул мада-



нияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул «ЧIужугIаданалдехун рокьигун» абураб фильм бихьизабиялдасан байбихьана тадбир. Баркиялъул кIалъаялда Гъалип Гъалиповас баян гьабуна район, республика улка цебетIезабиялъулъ руччабаз къиматаб бутIа лъолеб букIиналъул.

«ХIурматиял руччаби! РакIракIалъ баркула нужеда 8-леб Март! Нужеца хIаракат бахъулеб буго экономикиялгун социалиял ва цогидал кIвар бугел рахъал церетIезаризе. Лъималазе тарбия кьеги рокъоб лъикIаб ахIмал-хIал чIезабеги нужеда тIад рукIуна.

Нужер захIматалъе кидаго мустахIикъаб къимат кьолел гIемерлъаги, рекIел мурадал тIураги. Гьарула нужее сундулъго битIккей. Унго-унгояб бахIарчилъи бихьизабулеб буго жакъа спецоперациялъул рагъухъабазул улбуз, лъудбуз. Бакълъул районалъул тIалъиялъ нахъеккунги рехун тезе гьечIо гьел, бажарараб кумек гьабизе буго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Руччабазда байрам гьединго баркана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, муниципалитеталъул маданиялъул, библиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадовалъ, «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ, районалъул ветераназул гIуцIиялъул нухмалъулев Сайгиднур Газгереевас, женсоветалда цебе бугеб бакълъулазул гIолилазул палатаялъул нухмалъулей Раипат УхIумагIалиевалъ ва цогидаз.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас руччабазул байрам баркана СВОялдаса тIадвуссинчIев ДРялъул Росгвардиялъул «Ястреб – Каспиялъул» хIалтIухъан, полициялъул майор, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав Шамил Насрулаевасул эбел ПатIимат ГIумаровалда. Районалъул нухмалъулесда цадахъ гьединго рукIана гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев, МухтарахIмад АхIмадов, мелъелдерил бегавул МухIамад ГIабдунасиров, женсоветалъул вакилзаби Загьра ГIабдулаева ва ГIазра Исубилаева.«Нилъ цадахъ руго» абураб волонтёразулаб муниципалияб штабалъул рахъалдасан анцIазарго гъурущги цогидал сайгъаталги кьуна бахIарчиясул эбелалъе.

Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон, СВОялдаса тIадвуссинчIев Шамил ХIажимурадовасул эбел Умият ХIажимурадовалда байрам баркана, гIарцулаб ва цогидал сайгъатал кьуна бакълъулазул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас ва МелъелтIа росдал нухмалъулев МухIамад ГIабдунасировас.

Гъалип Гъалиповас Халкъазда гьоркьосеб руччабазул байрам гьединго баркана ДРялъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулесул заместитель Шамсият Насрулаевалда, ДРялъул маданияталъул министрлъун йикIарай Наида ГIабдулхIамидовалда, Бакълъул районалъул ЛъаратIа росдал шагIир, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу ХъистIаман Султанбеговалда.

Районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев щвана СВОялдаса тIадвуссинчIев АхIмад МухIамадовасул эбел Бахтикай ГIалиевалъухъе. Баркана гьелда руччабазул байрам ва сайгъатал кьуна. Гьединго гьес кIодо гьаюна, ВатIаналъе гIоло рухI кьурав, ЦIунди-Щабдухъа Къурбан Мурадовасул эбел Чакар Гъазилаева.

(Ахир - 2 аб. гьумералда)



НОМЕРАЛДА РУГО:



ЯхIя Бучаев ва Елена Павлюченко Бакълъул мухъалде щвана

- 2 гьум.



«ГIагараб школалъе сайгъат гьабе» абураб акциялъулъ гIахьаллъана Гъалип Гъалипов

- 2 гьум.



«ЧIагояб классика»

- 2 гьум.




МелъелтIаса Мурадбег МухIамадов Владикавказалдаса бергьенлъигун тIадвуссана

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо кIодо гьабуна бакълъулаз

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)
Бакълъулазул цIа ккеялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул, гIорхъолъа арал ва мобилизациялъул суалазул отделалъул нухмалъулев ХIасан ХIасанов щвана СВОялдаса тIадвуссинчIев Игьали росулъа ГIусман Эфендиевасул эбел ПатIимат ГIабасхIажиевалъухъе.



Спецоперациялъул рагъухъабазул хъизамазда байрам баркана ва сайгъатал кьуна ЛъаратIа росдал бегавул Анвар Залумхановас, ЧIиркъатIа росдал бегавул МухIамад МухIамадбакировас, районалъул женсоветалъул вакилзабаз, МелъелтIа росдал администрациялъул хIалтIухъабаз ва цогидаз.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## «ГIагараб школалъе сайгъат гьабе» абураб акциялъулъ гIахьаллъана Гъалип Гъалипов

### Килдерил школалъе ноутбукал, таргIал...

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовас рагIинабураб «ГIагараб школалъе сайгъат гьабе» абураб акциялъулъ.**



Муниципалитеталъул нухмалъулев цIалана Килалъ росдал гьоркьохъеб школалда. Гьеб цIалул идаралъе Гъалип Гъалиповас сайгъат гьаруна лъабго ноутбук, волейболалъул, футболалъул ва боскетболалъул таргIал, теннисалъул стол.

Районалъул бетIерасда цадахъ килдерил школалде щвана бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев. Гьес килдерил цIалдохъабазе сайгъат гьабуна интерактивияб панель.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас акциялъулъ гIахьаллъиялъул эстафета къабул гьабуна Болъихъ районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовасухъа. Жиндирго иргаялда Гъалиповас эстафета кьуна Кизляралъул бетIер Александр Шуваловасухъе ва Бабаюрт районалъул нухмалъулев Даниял Исламовасухъе.

**Макка МухIамадова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «ЧIагояб классика»

### ЦIалдохъабаз кучIдул цIализе бугеб гьунар бихьизабуна

**Баклъул районалъул МелъелтIа росулъ республикаялъулаб «ЧIагояб классика» абураб конкурсалъул муниципалияб бутIа тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана 5-11-абилел классазул цIалдохъаби. Конкурсалда гIахьаллъараз пасихIго кучIдул цIалиялъул махщел бихьизабуна. Тадбир бачана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул специалист ГIабдула МухIамадовас.**



КучIдул цIалулезе къимат кьуна: ЦIаналъ росдал аслияб школалъул директор СагIидбег МутагIиловас, бакълъулазул тIалаб-агъаз гьабиялъул ва къайимлъиялъул отделалъул бетIерай специалист ПатIимат ГIумарахъаевалъ, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилай, муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ, ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул мугIалим Галина МухIамадовалъ, «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь Зугьра ГIабдулкъадировалъ.

Къецалъул хIасилалда 5-7-абилел классазда гьоркьор тIоцебесеб бакI щвана МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Нурфат Астемировалъе, Ингишо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Фатима Газгереевалъе.

8-9-абилел классазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГIайшат Шамсудинова. 10-11-абилел классазда гьоркьор тIоцебесеб бакI босана МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГIашура Абакаровалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

## ЯхIя Бучаев ва Елена Павлюченко Бакълъул мухъалде щвана

### ЦIияб Аргъваниб – «ДРялъул лъагIалил мугIалим-2024» къецалъул зоналияб бутIа

**Бакълъул мухъалде ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалде щвана Дагъистаналъуллъайкьеялъ-**




**ул ва гIелмабазул министр ЯхIя Бучаев ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул**



**Комитеталъул нухмалъулей Елена Павлюченко. Гьединго цIалул идаралде щвана ДРялъул Минобрнаукаялъул нухмалъулесул заместитель**



**Аида ТIалхIатова, ДРялъул халкъияб лъайкьеялъул профсоюзазул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIамирудинов ва цогидал.**

ЦIияб Аргъвани росдал школалда тIобитIана «ДРялъул лъагIалил мугIалим-2024» къецалъул зоналияб бутIа. Гьеб конкурсалда тIоцебесеб бакI босана Избербаш шагьаралъул «СОШ № 2» МКОУялъул цIалул идараялъул тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим ПатIимат Къадиевалъ.

КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана «Меусишинская СОШ им. Ш. Абдурахманова» МКОУялъул тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим Мурад Рабаданов, лъабабилеб бакI щвана Леваши районалъул «Карлабкинская СОШ» МКОУялъул хIисаб гIелмуялъул мугIалим Саният Сулейбановалъе.

Бергьенлъи щваразда ва къиматал бакIал росаразда баркана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, Минобрнаукаялъул вакилзабаз. Конкурсалда гIахьаллъаразе Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан сертификатал, тIугьдул ва цогидал сайгъаталги кьуна.

ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалда гьединго муниципалитеталъул тIалъи, ДРялъул Минобрнаукаялъул, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул вакилзаби, бакълъулазул школазул директорзаби гIахьаллъараб данделъиги тIобитIана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАА ВА СПОРТ

# МелъелтIаса Мурадбег МухIамадов Владикавказалдаса бергьенлъигун тIадвуссана

### Росгвардиялъул хIалтIухъабазда гьоркьов дзюдоялъул рахъалъ гьунар тIокIав

**СКФОялъул Росгвардиялъул дзюдоялъул рахъалъ тIобитIараб чемпионаталда МелъелтIаса Мурадбег МухIамадовас меседил медаль босана. Шималияб Кавказалдаса къуватал спортсменал ракIарараб тадбир тIобитIана Владикавказалда.**




Чемпионлъун Мурадбег вахъана 90 кг цIайиялде щвезегIан цере рахъарал спортсменазда гьоркьов. Дагъистаналъул Росгвардиялъул Управлениялъул командаялъ чемпионаталда кIиабилеб бакI ккуна.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Мурадбег МухIамадовасда иргадулаб нухалъ чемпионасул цIар щвей баркана ва нахъекунги чIахIияб бергьенлъаби гьарана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАА ВА СПОРТ

# Расул Назиров лъабго медалалъе мустахIикълъана Астанаялда

### Теннисалъул рахъалъ махщел тIокIав

**Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа Расул Назировас Казахстаналда тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб рейтингалъулаб турниралда лъабго медаль босана. Паранастольнияб теннисалъул рахъалъ батIи-батIиял хIаязулъ гьесие цвана меседил, гIарцул ва магъарул медалал.**




Гьедин, Назировас байбихьана Паралимпиадалде хIадурлъи. Марталъул ахиралда гьес гIахьаллъи гьабизе буго МахIачхъалаялда тIобитIизе бугеб ТIолгороссиялъулал къецазулъ.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас Расул Назировасда баркана теннисалъул рахъалъ иргадулаб нухалъ бергьенлъиялъе мустахIикълъи, гьарана гьесие сундулъго битIккей ва кинабго лъикIабщинаб.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

РИТМ ГУМБЕТА

# Дом детского творчества Гумбета передал посылки участнику СВО Магомедхану Магомедалиеву для доставки на передовую

**В Гумбетовском районе на базе Дома детского творчества прошла встреча с бойцом СВО Магомедханом Магомедалиевым, который прибыл домой в короткий отпуск.**



В мероприятии приняли участие начальник управления образования района Гассан Алигаджиев и руководители кружков ДДТ. В рамках встречи участнику СВО Магомедхану Магомедалиеву передали коробки с продуктами питания, подготовленные представителями кружков ДДТ Гумбета, для доставки военнослужащим в зону СВО. Отметим, что материальная помощь военнослужащим в виде продуктов питания работниками и учащимися Гумбетовского ДДТ была оказана и раннее.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Коллектив Килятлинской средней школы поблагодарил руководство РД и Гумбетовского района за капремонт образовательного учреждения

**Дагестан вошёл в число абсолютных лидеров по количеству введенных в эксплуатацию школ и детсадов, а также по реализации программы капремонта общеобразовательных организаций в 2023 году.**



В прошлом году в Гумбетовском районе было благоустроено рекордное количество образовательных учреждений. Коллектив Килятлинской средней школы выразил благодарность Главе РД Сергею Меликову, руководителю МР «Гумбетовский район» Галипу Галипову и всем причастным за улучшение условий труда и создание благоприятной атмосферы в образовательном учреждении. «В рамках программы капремонта школ в нашем образовательном учреждении произвели замену полов, дверей, окон, потолков, был обновлён фасад и проведены другие ремонтные работы.

Проделан ремонт на общую сумму 7 084 014 рублей. Также хотим выразить благодарность генеральному директору ООО «УПТК Чиркейгэсстрой» Магомеду Загидову за качественное и своевременное выполнение работ по обновлению школы», – отметил и. о. директора Килятлинской средней школы Магомед Магомедов.

**РИО «Гумбет»**

ГУМБЕТ СПОРТИВНЫЙ

# Сотрудники ОМВД РФ по Гумбетовскому району заняли призовые места на чемпионате Дагестана по рукопашному бою

**В чемпионате РД по рукопашному бою среди сотрудников МВД РД приняли участие представители ОМВД РФ по Гумбетовскому району Алмасхан Абдулвахидов и Газимагомед Гойтимиров.**



Как сообщили нашему сетевому изданию, по итогам состязаний старший сержант полиции ОСР ППСП ОМВД РФ по Гумбетовскому району Алмасхан Абдулвахидов в весовой категории 62 кг получил 3 место. Помимо этого, старший сержант полиции ОСР ППСП ОМВД РФ по Гумбетовскому району Газимагомед Гойтимиров на данном чемпионате занял 3 место.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Алмасхана Абдулвахидова и Газимагомеда Гойтимирова с получением призовых мест, пожелал им крепкого здоровья, благополучия и всего самого наилучшего.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Братья из Гумбета с передовой поблагодарили за идею создания Ассоциации общественных организаций в поддержку СВО

**Участники СВО, двоюродные братья из села Тлярата Гумбетовского района Ухумаали Гусейнов и Салман Алиев поблагодарили Главу РД Сергея Меликова (https://t.me/melikov05/1998 ) за анонсирование создания Ассоциации общественных организаций в поддержку СВО.**



«Уважаемый Сергей Алимович, спасибо за постоянную поддержку участников СВО и наших родных. Россия сейчас творит героическую историю и новый, равноправный мировой порядок. Мы на передовой помогаем этому процессу, выполняем задачи спецоперации, поставленные Президентом России, Верховным Главнокомандующим Вооружёнными Силами РФ Владимиром Владимировичем Путиным. От имени бойцов СВО, защитников Родины выражаем Вам благодарность за внимание к вопросам участников спецоперации и наших семей. Вы тепло приняли членов организации «Память Гор» и инициировали формирование Ассоциации общественных организаций в поддержку СВО.

Также начнёт работу республиканский аналог кадровой программы «Время героев», запущенной Президентом России. Мы ощущаем Вашу поддержку, поддержку нашего многонационального народа. Враг будет разбит. Победа будет за нами!» – сказано в обращении братьев из Гумбета. Отметим, что капитан Ухумаали Гусейнов (https://t.me/melikov05/222 ) – кавалер ордена Мужества, командир танковой роты, а боец мотострелкового подразделения Салман Алиев удостоен медалей Жукова и «За воинскую доблесть» за освобождение Новороссии. Они успешно выполняют боевые задачи на самых горячих участках фронта.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Четыре правила безопасности

**Согласно многолетней статистике, именно в холодное время года происходит всплеск пожаров в жилье, причиной которых становится беспечность при обращении с огнем и его источниками. Чтобы не допустить пожаров, необходимо обратить внимание на правильное устройство и эксплуатацию печей и электрообогревателей, быть осторожным при курении, быть внимательными к детям.**



Печи. Неправильная разделка, несоблюдение параметра высоты трубы, отсутствие пред топочного листа - все это способствует возникновению пожаров. В результате перекала печи появляются трещины в дымоходе, из которых могут вылетать искры. Пожар может вызвать загорание сажи, отложившейся на стенах дымохода и трубы. Чтобы этого не допустить, печь необходимо чистить перед началом отопительного сезона, а также в течение всего периода эксплуатации не реже одного раза в три месяца.

В сухую погоду необходимо очистить дымоход от сажи, копоти и других отложений. В чердачном помещении печная труба должна быть побелена - образовавшаяся трещина или налет сажи будут хорошо видны на белой извести.

Нельзя оставлять без присмотра топящуюся печь. Нередко люди целенаправленно кладут на печь материал для растопки, рассчитывая, что он там быстрее высохнет. Дрова и старые бумаги на печи, действительно, быстро высыхают, но при этом могут загореться. Ни в коем случае не следует растапливать печь при помощи легковоспламеняющихся жидкостей. Очень часто в таких ситуациях люди получают серьезные ожоги.

Электроприборы. С понижением температуры воздуха жители интенсивно пользуются электронагревательными приборами. Чтобы не допустить пожара, следует соблюдать несложные правила. Во-первых, запрещено пользоваться самодельными электроприборами. Во-вторых, обогреватели должны устанавливаться на свободном месте вдалеке от мебели, занавесок и постельного белья. Нельзя располагать их на проходах и там, где на приборы может что-то упасть. В-третьих, нельзя включать в одну розетку одновременно несколько электроприборов. И наконец, ни в коем случае не оставляйте включенные электрические приборы без присмотра.

Курение. Курение в постели - распространенная причина пожара. От не затушенных окурков могут загореться постельные принадлежности, одежда или мебель. Кроме того, нельзя в качестве пепельницы использовать бумажные кульки, коробки от спичек или сигарет - они могут воспламениться от тлеющего окурка.

Дети. Следите за тем, чтобы спички или зажигалки не попадали в руки маленьким детям. Не оставляйте даже на короткое время детей без присмотра.

Помните: пожар легче предупредить, чем потушить, потому всегда соблюдайте правила пожарной безопасности сами и требуйте их соблюдения от других.

**Б. М. Валиев,
инспектор ОНД и ПР № 15
УНД и ПР ГУ МЧС
РФ по РД**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете продолжается работа по профилактике пожаров

**Детский сад «Улыбка», расположенный в селе Нижнее Инхо Гумбетовского района, посетил командир отделения Пожарной части № 45 Джаватхан Юсупов.**



В рамках рабочего визита Джаватхан Юсупов совместно с директором КДЦ Юнусом Гаджиевым и заведующей библиотекой села Патимат Юсуповой провел в образовательном учреждении инструктаж по эвакуации при пожаре, а также коллективу школы и учащимся продемонстрировали порядок применения огнетушителя.

Отметим, что подобные мероприятия в целях обучения населения мерам пожарной безопасности и предупреждения пожаров были проведены и в других образовательных учреждениях Гумбета.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## В Гумбете проходит ОПМ «Нелегальный мигрант»

**В период с 13 по 22 марта 2024 г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие под названием «Нелегальный мигрант».**




Целью мероприятия является профилактика, выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства, пресечение незаконной миграции, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства.

В связи с изложенным, отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных им случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12 или 8 999 418-85-10 - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**Магомед Магомедов,
начальник ОМВД России
по Гумбетовскому району
полковник полиции**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова

Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.